



## Gen Chanjman k ap vii nan Medicaid. Èske Ou Pare?

### Kisa k ap chanje epi kilè?

Elizibilite pou “Imigran Kalifye yo”	An vigè Oktòb 2026
<p>Definisyon federal “imigran kalifye” pral chanje, sa k ap fè y ap retire plizyè kouvèti Medicaid moun ki pa sitwayen ki nan sityasyon regilye epi ki te konn jwenn kouvèti asirans.</p>	<p><b>Gwoup granmoun sa yo pa p kalifye ankò:</b></p> <ul style="list-style-type: none"><li>▪ Refijye ak Moun ki mande azil</li><li>▪ Viktim Vyolans Domestik ak trafik</li></ul> <p><b>Gwoup sa yo ap toujou kalifye:</b></p> <ul style="list-style-type: none"><li>▪ timoun ki poko gen 19 lane</li><li>▪ Moun ki ansent</li><li>▪ Moun ki gen kat rezidans (green card) yo, k ap viv Etazini depi omwen 5 lane ak plis</li><li>▪ Imigran Kiben ak Ayisyen yo</li><li>▪ Migran ki nan Alyans Asosyasyon Lib (Compact of Free Association, COFA) yo</li></ul>
Obligasyon pou Travay yo ak Ogmantasyon Renouvèlman yo (Reyevaliyasyon)	Anvigè 1ye janvye 2027
<p>Moun ki kalifye pou kouvèti sante gras ak elajisman pwogram Medicaid Lalwa pou Swen Abòdab (Affordable Care Act) yo (yo konnen sou non “ACA adults”) ap gen nouvo kondisyon elizibilite.</p> <p><b>Moun ki enskri nan “ACA adults” se moun ki:</b></p> <ul style="list-style-type: none"><li>▪ gen 19 jiska 64 lane</li><li>▪ Pa resevwa sèvis Medicare, epi</li><li>▪ Pa gen timoun ki gen 18 lane oswa mwens sou kont li k ap vin menm kote avè l</li></ul>	<p><b>Pou konsève elizibilite, nan “ACA adult” Moun ki enskri nan Medicaid dwe:</b></p> <ul style="list-style-type: none"><li>▪ Renouvle kouvèti a chak 6 mwa (sa nou konnen tou sou non reyevaliyasyon)</li><li>▪ Yon jistifikasyon 80 èdtan pa mwa ki pou travay, lekòl oswa benevola</li></ul> <p><b>Kèk moun ka elijib san respekte tout obligasyon yo.</b></p> <p><b>HFS ap bay plis detay nan mwa Septanm 2026</b></p>

### Èske w gen Medicaid? Mwn sa w ka fè Kounye a:

- 1. Rete enskri.** Premye chanjman pou elizibilite yo pa p an vigè anvan Oktòb. Renouvle kouvèti w lan epi pran swen ou bezwen an depi kounye a.
- 2. Rete Konekte.** Kenbe adrès ak nimewo telefòn ou ajou nan Depatman Swen Sante ak Sèvis Fanmi Illinois (Illinois Department of Healthcare and Family Services, HFS). HFS ap di w si pou w fè nouvo demach pou w konsève kouvèti Medicaid ou a.
- 3. Rete Enfòmè** Rete enfòmè pou enfòmasyon HFS ap bay sou chanjman nan pwogram Medicaid yo, kès asirans maladi ak biwo doktè w la. Swiv yo sou rezo sosyal yo epi enskri nan bilten enfòmasyon yo a. Vizite [GetMedicaidFacts.com](http://GetMedicaidFacts.com) pou plis pou plis enfòmasyon.